

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (R P P)

Satuan Pendidikan	: SMP Negeri 1 Banjarnegara
Mata pelajaran	: Bahasa Jawa
Kelas/Semester	: VIII/Genap
Kompetensi Dasar	: 3.1. Memahami isi teks Cerita Ramayana lakon Resi Jatayu 4.1. Menanggapi isi teks cerita Ramayana lakon Resi Jatayu
Materi Pokok	: Cerita Ramayana lakon Resi Jatayu
Alokasi Waktu	: 10 menit

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Setelah melalui kegiatan pembelajaran dengan model pembelajaran *cooperative Learning* peserta didik mampu :

1. Mengartikan kata kata yang dianggap sulit dalam teks cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu
2. Menjawab pertanyaan bacaan cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu dalam ragam krama.
3. Menulis isi cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu dalam ragam krama.
4. Mengungkapkan isi cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu secara lisan.
5. Memberi tanggapan terhadap isi cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu

B. KEGIATAN PEMBELAJARAN

1. Pendahuluan (2 menit)
 - a. Peserta didik mengucapkan Salam dan berdoa
 - b. Guru mengecek kehadiran peserta didik dan memberi motivasi mengkaitkan materi dengan manfaat di kehidupan
 - c. Guru menyampaikan tujuan pembelajaran, dan menjelaskan langkah langkah pembelajaran dan penilaian
2. Kegiatan Inti (6 menit)
 - a. Guru membentuk beberapa kelompok peserta didik
 - b. Peserta didik menyimak video cerita Ramayana lakon Resi Jatayu untuk memunculkan pertanyaan atau hal hal lain yang ingin diketahui
 - c. Guru membagi LKPD untuk didiskusikan
 - d. Peserta didik berdiskusi mengidentifikasi kata-kata yang dianggap sulit dan mencari artinya di dalam kamus bahasa jawa/bausastra
 - e. Peserta didik mendiskusikan isi cerita Resi Jatayu
 - f. Peserta didik menuliskan hasil diskusi
 - g. Peserta didik mempresentasikan hasil diskusi kelompoknya, kelompok lain menanggapi
 - h. Peserta didik mengumpulkan laporan hasil diskusi
3. Penutup (2 menit)
 - a. Guru memberikan pertanyaan singkat kepada peserta didik tentang tembang cerita Ramayana Resi Jatayu.
 - b. Guru dan peserta didik membuat simpulan, merefleksikan pengalaman belajar
 - c. Guru menyampaikan informasi tentang kegiatan pembelajaran yang akan datang, memberikan tugas di rumah,
 - d. Guru menutup pembelajaran, berdoa dan salam.

C. PENILAIAN

1. Sikap (spiritual dan sosial) melalui pengamatan
2. Kompetensi pengetahuan (tes tulis)
3. Kompetensi ketrampilan (produk)

Mengetahui,
Kepala SMPN 1 Banjarnegara

Banjarnegara, 3 Januari 2022
Guru Mata Pelajaran

Lampiran 1

Teks cerita Ramayana lakon Resi Jatayu

Wacanen crita ing ngisor iki kanthi premati!

RESI JATAYU



Rajaning peksi menika namanipun Jatayu. Piyambakipun dados mitra raketipun Prabu Dasarata. Nalika sumerep putranipun mitranipun dipuncidra Rahwana, Jathayu enggal tumandang damel mitulungi. Kreta kencana dipuntrajang kemawon, Sinta dipunrebat. Rahwana nggegegi, mboten nguwalaken saengga dados udreg-udregan rebatan Sinta ing gegena. Eman, Jatayu kalindih, dipuntatoni saha dipunajar dening Rahwana. Salah satunggaling swiwi sengkleh tugel. Jatayu taksih megap-megap dipuntendhang, kumleyang ing awing-awang, dangu-dangu dhawah ing siti, klebegan.

Laju lampahing kretanipun Rahwana nggondhol Sinta. Sinta ngraosaken sakit, badanipun lungkrah bonten kanten-kantenan amargi dipunceneng-ceneng kangge rebatan. Sekedhap-sekedhap polah nedya uwal, nanging tetep kasikep dening Rahwana ingkang linambaran raos nepsu lan kasmaran dhateng Sinta ingkang satuhu merak ati.

Sinta sagedipun naming nangis, nyuwun welas asih, saha ngrerintih sedhih. Sekar cundhuk, gelang, tuwin kalunganipun sami dhawah pating kececer. Sinten kemawon ingkang sumerep kawontenan saha polahipun menapa dene miring tangis tuwin pasambatipun Sinta temtu tumut trenyuh lan sedhih. Kewan-kewan wana, wit-witan, tetuwuhan, lan rerumputan kemawon tumut welas asih. Redi-redi mendel mbisu sisah. Angin boten lumampah. Ankasa timbreng nglemeng nggameng kasaput mega mendhung. Srengenge surem, sorotipun kucem. Sedaya isinipun jagad, tumut nandhang sungkawa. Nanging wonten tiyang setunggal ingkang boten gadhah raos welas, inggih punika Rahwana.

Dumugi ing negari Alengka, Sinta dipunpameri kaendhahaning Kraton, barang-barang saha prabot ingkang sakalangkung edi peni, mawarni-warni mas, inten, lan barleyan. Sinta boten gumun malah kepara mboten ngrewes. Rahwana nyobi ngarih-arih dhateng Sinta, nanging Sinta malah cariyos bilih piyambakipun tansah enget lan tansah setya dhateng Rama. Midhanget aturipun Sinta makaten kalawau, Dasamuka muntab lan pratela menawi Sinta mboten teluk badhe dipun telasi. Sinta tetep teguh santosa ing budi. Rahwana sansaya jangkel, lajeng dhawuh supados Sinta dipunjagi dening para raseksi ingkang galak-galak lan ndrawasi

Ing tengah wana, Rama anggenipun mbujeng kidang mboten angsal damel. Rama lan Lesmana wangsul tumuju papanipun Sinta, nanging Sinta boten wonten. Rama lan Lesmana lajeng madosi Dewi Sinta. Ing tengahing margi, Rama manggihaken sekar cundhuk sarta saperangan panganggenipun Sinta pating kececer. Rama lajeng nginten menawi Sinta kadhusta dening tiyang. Rama duka sanget mila jagad saisinipun badhe kajungkir walik, nanging Lesmana enggal atur pangarih-pangarih saengga Rama lilih panggalhipun. Kekalihipun lajeng nglajengaken lampah madosi Dewi Sinta. Ing satunggaling panggenan, Rama lan Lesmana kepanggih kaliyan Jathayu ingkang taksih menggehe-mengehe kados badhe koncatan nyawa. Sanajan makaten kawontenanipun, Jathayu taksih saged cariyos lan atur pitedah bilih Sinta Kadhusta dening pandhung lan kabekta tumuju dhateng nagari Alengka. Purna anggenipun matur, Jathayu dumugining pejah. Nalika raganipun dipunbesmi dening Rama, keluking latu kados asung pitedah ing pundi peneripun negari Alengka lan wonten swanten gaib ingkang suka pitedah caranipun saged kepanggih kaliyan Sinta.

(kapethik kanthi besutan saka Cariyos Ayu Sita Bagus Rama)

Lampiran 2

Lembar Diskusi Kelompok (LKPD)

Sawise nyemak crita Ramayana lakon Resi Jatayu, ayo pada diskusi bab bab ing ngisor iki!

- a. Nyathet tembung kang angel lan negesi tembung kang angel kanthi dhiskusi Tembung-tembung kang dianggep angel saka asil nyemak, yaiku:

NO	Tembung	Tegese
1	peksi	...
2
3
4
5
6
7
8
9
10

b. Wangsulana pitakonan nggunakake basa krama

1. Apa sesambungane Jathayu karo Prabu Dasarata?

.....
.....

2. Apa kang ditindakake Jathayu nalika weruh Dewi Sinta dicidra dening Rahwana?

.....
.....

3. Kepriye kahanane Dewi Sinta nalika nalika digawa Rahwana menyang Ngalengka?

.....
.....

4. Sapa bae sing melas weruh kahanane Dewi Sinta nalika diculik Rahwana?

.....
.....

5. Kenangapa sawise tekan Ngalengka Dasamuka muntab marang Dewi Sinta?

.....
.....

6. Apa bae kang dipamerake Rahwana marang Dewi Sinta?

.....
.....

7. Apa kang ditemokna Rama lan Lesmana ing tengah dalan?

.....
.....

8. Kenangapa Lesmana ngarih-arit Rama?

.....
.....

9. Apa kang ditindakna Jathayu sedurunge seda?

.....
.....

10. Jelasna piwulang becik sing bisa dijut lan ditrepna ing sabendinane sekang tumindake Jatahyu!

.....
.....

c. Tulisen kanthi ringkes isine cerita Resi Jatayu nganggo basa krama!

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

d. Tulisen isine cerita Resi Jatayu banjur wacanen ing ngarep klas!

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

.....
.....

Lampiran 3

Lembar soal penilaian pengetahuan

I. Pilihlah a, b, c, utawa d wangsulan kang bener!

Peksi Jathayu

Rajaning peksi menika namanipun Jathayu. Piyambakipun dados mitra raketipun Prabu Dasarata. Nalika sumerep putranipun mitranipun dipuncidra Rahwana, Jathayu enggal tumandang damel mitulungi. Kreta kencana dipuntrajang kemawon, Sinta dipunrebat. Rahwana nggegegi, mboten nguwalaken saengga dados udreg-udregan rebatan Sinta ing gegena. Eman, Jathayu kalindih, dipuntatoni saha dipunajar dening Rahwana. Salah satunggaling swiwi sengkleh tugel. Jathayu taksih megap-megap dipuntendhang, kumleyang ing awang-awang, dangu-dangu dhawah ing siti, klebekan.

Laju lampahing kretanipun Rahwana nggondhol Sinta. Sinta ngraosaken sakit, badanipun lungkrah bonten kanten-kantenan amargi dipunceneng-ceneng kangge rebatan. Sekedhap-sekedhap polah nedya uwal, nanging tetep kasikep dening Rahwana ingkang linambaran raos nepsu lan kasmaran dhateng Sinta ingkang satuhu merak ati

1. Manuk Jathayu iku karo Prabu Dasarata kaprenah
 - a. sedulur
 - b. kanca
 - c. mungsuh
 - d. adhi
2. Putra mantune Prabu Dasarata dicolong Rahwana, weruh kedadeyan iku Jathayu
 - a. ndhelik
 - b. mlayu
 - c. nulungi
 - d. keplok
3. Anggone nggawa Sinta, Rahwana numpak
 - a. Kreta Kencana
 - b. Garudha Kencana
 - c. Turangga Seta
 - d. Montor mabur
4. Swiwine Jathayu sengkleh amarga
 - a. digebug gada
 - b. diuntir Rahwana
 - c. ditabarak kreta
 - d. dipedhang Rahwana
5. Sawise swiwine sengkleh, Jathayu
 - a. ajur ing angkasa
 - b. digawa menyang Alengka
 - c. tiba ing lemah
 - d. digendhong Rahwana

II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki nganggo basa krama!

Gatekna penggalan crita Jathayu ing ngisor iki!

Rajaning peksi menika namanipun Jathayu. Piyambakipun dados mitra raketipun Prabu Dasarata. Nalika sumerep putranipun mitranipun dipuncidra Rahwana, Jathayu enggal tumandang damel mitulungi. Kreta kencana dipuntrajang kemawon, Sinta dipunrebat. Rahwana nggegegi, mboten nguwalaken saengga dados udreg-udregan rebatan Sinta ing gegena. Eman, Jathayu kalindih, dipuntatoni saha dipunajar dening Rahwana. Salah satunggaling swiwi sengkleh tugel. Jathayu taksih megap-megap dipuntendhang, kumleyang ing awing-awang, dangu-dangu dhawah ing siti, klebekan. Laju lampahing kretanipun Rahwana nggondhol Sinta. Sinta ngraosaken sakit, badanipun lungkrah bonten kanten-kantenan amargi dipunceneng-ceneng kangge rebatan. Sekedhap-sekedhap polah nedya uwal, nanging tetep kasikep dening Rahwana ingkang linambaran raos nepsu lan kasmaran dhateng Sinta ingkang satuhu merak ati

6. Jathayu iku bisa mabur amarga Jathayu iku bangsane apa ?
-

7. Kepriye watake Rahwana kang ditudhuhake ing crita kasebut?
.....
8. Sapa sing ngabari menawa Sinta digawa menyang Alengka ?
.....
9. Anggone nggawa Sinta menyang Alengka, Rahwana numpak apa ?
.....
10. Coba jlentrehna piwulang luhur kang ana ing crita peksi Jathayu !
.....

Kunci Jawaban:

1. A
2. C
3. A
4. D
5. B
6. Peksi
7. Boten sae
8. Peksi jatayu
9. Kreta kencana
10. Kita kedah seneng tetulung, tetulung tanpa pamrih

PEDOMAN PENILAIAN

	Bentuk Soal	Jml Soal	@ Skor	Jumlah soal x @ skor
a.	Pilihan Ganda	5	2	10
b.	Isian Singkat	5	4	20
Jumlah skor maksimum I + II				30

$$\text{Nilai Akhir} = \frac{\text{skor perolehan}}{30} \times 100$$

Lampiran 4

Lembar penilaian ketrampilan

Pituduh :

1. Gawe a tanggapan marang isine cerita Resi Jathayu kanthi **tliti!**
2. Gawe a tanggapan marang isine cerita Resi Jathayu gegayutane karo urip padinan!

A. Menehi tanggapan marang isine crita

Wenehana tanggapan marang bab-bab sing ana sambunge karo crita Resi Jathayu nganggo basa krama!

1. Menawa kowe dadi Jathayu, apa sing koptindakake marang Sinta?

Tanggapan:

.....

.....

.....

.....

.....
.....

2. Menawa kowe dadi Sinta, apa sing kottindakake?

Tanggapan:

.....
.....
.....
.....
.....
.....

3. Kepriye panemumu marang tumindake Rahwana iku?

Tanggapan : .

.....
.....
.....
.....
.....
.....

4. Menawa kowe ngerti prastawa kaya ing crita Resi Jathayu, apa sing kotindakake?

Tanggapan:

.....
.....
.....
.....
.....
.....

B. Wenehana tanggapan isine crita gegayutane karo urip padinan

1. Yen ana sedulur utawa kanca sing lagi susah apike ditulungi.

Tanggapan:

.....
.....
.....
.....
.....
.....

2. Kanggo nggayuh kepinginan yen perlu nyolong utawa njukut dhuweke wong liya.

Tanggapan:

.....
.....

.....
.....
.....
.....

3. Yen ana sing gawe gela utawa kuciwa, dhewek kudu gela.

Tanggapan:

.....
.....
.....
.....
.....
.....

4. Nggoleti apa bae sing dadi tanggung jawabe dhewek kanthi cara kang bener lan aja mandheg yen durung ketemu.

Tanggapan:

.....
.....
.....
.....
.....
.....